



ANDREW M. CUOMO
Gouvènè

Agriculture and Markets

RICHARD A. BALL
Komisè

ENSTWIKSYON PWOVIZWA SOU ANBALAJ AK ETIKETAJ ZE NAN KOKIY KE MAGAZEN PWODWI ALIMANTÈ AN DETAY YO AP VANN PANDAN IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19 LA 28 avril 2020

Enstwiksyon pwovizwa sa a ap bay fleksibilite tanporè konsènan kèk kondisyon anbalaj ak etiketaj pou ze nan kokiy ke yo vann nan magazen pwodwi alimantè an detay yo, sa ki ap pèmèt endistri a reponn a demann pou ze nan kokiy yo pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la. Yo gen plan kenbe politik sa a an vigè sèlman pandan dire eta ijans sante piblik pou COVID-19 ke yo te deklare nan Eta New York lan. Dokiman enstwiksyon sa a an vigè imedyatman epi pral rete an vigè jiska nou vèl òd, men pa pi ta pase dire eta ijans lan.

Enfòmasyon Jeneral

Magazen pwodwi alimantè an detay yo resevwa ze nan kokiy yo nan men apwovizyonè yo nan katon ki gen etikèt pou lavant an detay yo, konfòmman a lwa ak règleman Eta New York yo, ansanm ak kondisyon etiketaj alimantè federal yo, ki enkli 21 CFR Pati 101. Kondisyon etiketaj manje yo gen ladan yo, men pa sèlman kalite ze yo (*gade* A&ML seksyon 160-c ak 1 NYCRR seksyon 190.1[h]), kantite ze ki nan katon an (*gade* soudivizyon [f] ak [g] nan 1 NYCRR seksyon 221.5), ak avètisman pou "kenbe nan frijidè" (*gade* 1 NYCRR seksyon 271-2.2[c]).

Kòm yon konsekans eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, deman konsomatè yo pou ze nan kokiy yo te ogmante. Pandan ke gen ze nan kokiy adisyonèl ki disponib pou konsomatè yo, gen yon apwovizyonman adekwat ki limite pou pake an detay ki byen etikete yo. Konfòmman a [enstwiksyon FDA yo](#), Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets, AGM) nan Eta New York ap bay fleksibilite tanporè konsènan kèk kondisyon anbalaj ak etiketaj pou ze nan kokiy yo pou pèmèt endistri a reponn a demann konsomatè aktyèl yo ki ogmante a.

Enstwiksyon pou Anbalaj ak Etiketaj Tanporè

Pou fasilite distribisyon ze nan kokiy yo pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, AGM ap swiv enstwiksyon Anbalaj ak Etiketaj Tanporè FDA yo ki mande:

- Magazen pwodwi alimantè an detay yo klèman make nan pwen acha yo (pa egzanp, sou yon kat kesye, siy, etikèt ki kole sou pwodwi a, oswa kèk lòt materyèl ki apwopriye), enfòmasyon nou pral site la yo:
 - Deklarasyon Idantite;
 - Non ak lokal biznis konpayi ki fabrike, konpayi ki anbale, oswa distribitè a; ak
 - Enstwiksyon sou jesyon sekirize pou ze nan kokiy yo ke yo pa't trete yo pou ka detwi tout *Salmonella* posib yo.
- Si ze nan kokiy ke yo ap ofri pou vann yo soti nan men divès apwovizyonè an menm tan ak nan menm lokal la, li klè pou konsomatè yo ki etiketaj pwen lavant aplike pou ki ze nan kokiy ke yo ofri pou vann yo.
- Yo vann ze nan kokiy yo nan katon oswa bwat konplè yo (pa egzanp, yo vann 30ze nan yon bwat ki fèt pou kenbe 30 ze).
- Pa gen alegasyon nitrisyonèl nan pwen acha pou ze nan kokiy yo.

Kou gen yon apwovizyònman adekwat pou pake an detay ki byen etikete yo ki vin disponib, nou dwe itilize yo.

Remake: Lè nou konsidere ijans sante piblik pou COVID-19 ki ap kontinye a ak nan tout anplè ki aplikab yo, antite ki swete itilize enstwiksyon sa a ta dwe pran mezi rezonab pou ka ogmante distans sosyal epi redwi dansite moun ki rasanble yo nan nenpòt kote.

Nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik konfòmman a [Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18](#). Nou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou paj [Enstwiksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18 Ki Mande Moun Mete Mask pou Kouvri Figi yo Lè Yo An Piblik Pandan Epidemi COVID-19 la, ki te pibliye nan dat 17 avril 2020 \(Interim Guidance on Executive Orders 202.17 and 202.18 Requiring Face Coverings in Public During the COVID-19 Outbreak, April 17, 2020\)](#).

Konpayi travay yo dwe bay travayè esansyèl yo mask gratis pou yo mete lè yo ap fè entèraksyon ak popilasyon an konfòmman a [Dekrè Egzekitif 202.16](#). Nou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou paj [Enstwiksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.16 Ki Mande Mask pou Kouvri Figi pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Ki Ap Fè Entèraksyon ak Popilasyon an Pandan Epidemi COVID-19 la, ki te pibliye nan dat 14 avril 2020 \(Interim Guidance on Executive Order 202.16 Requiring Face Coverings for Public and Private Employees Interacting with the Public During the COVID-19 Outbreak, April 14, 2020\)](#).

Resous Adisyonèl

New York State Department of Health COVID-19 Website
<https://coronavirus.health.ny.gov/home>

New York State Department of Agriculture and Markets COVID-19 Website
<https://agriculture.ny.gov/coronavirus>

United States Centers for Disease Control and Prevention COVID-19 Website
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>